



Fè yon Chèdèv

## Pentire A Kisa?

### Kisa ke ou bezwen:

- Enkonvansyonèl/altènativ zouti pou pentire olye de yon bròs penti. Bagay tankou: Jwèt dinozò, machin oubyen kamyon, Legos, kèp, fil, bouton, etc. Gade pou bagay tankou kouvèti, boutèy, ak materyèl pou vlope ki nan poubèl. E konsidere sèvi ak materyèl natirèl takou ròch, ti bwa, plim, ets. Vinn kreyatif!
- Papye
- Penti Tempera
- Plato oubyen asyèt pou pentire
- Smòk (opsyonèl)
- Kouvèti Tab (opsyonèl)



### Kisa pou fè:

1. Fè espas nan yon sifas ki plat, tankou yon tab ki nan yon sal a manje. Pou evite fè yon mès kote ou pa vle fè yon mès, kouvri ak yon nap, papye jounal, okenn bagay ke ou pa gen pwoblèm pou li kouvri ak penti. L'ap ede pou tep kouvèti an sou tab la pou li pa bouje.
2. Rasanble zouti penti'w: machin jwèt, blòk, fil, kouvèti, ròch, ti papye, oubyen kèlkeswa sa ke ou kapab panse.
3. Mete penti an oubyen plato oubyen asèt la kote ou kapab tranpe bagay ou yo nan penti an.
4. Vinn Kreyatif! Eseye roule oubyen tepe diferan bagay nan penti an e mete yo sou papye an. Eksperimante lè ou sèvi ak plis oubyen mwens penti. Ki tip de teksti ak modèl ke ou kapab fè ak bagay yo?